दिन–रविवार दिनांक–18.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे भाजपा देश मे सभ लोकक पहिल पसिन बनि गेल अछि। असमक नागांव मे जनसभा के सम्बोधित करैत श्री मोदी जनौलनि जे पछिला डेढ बरख मे भाजपा पर देशक विश्वास सदिखन बढि रहल अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे भेल बिहार चुनाव आओर महाराष्ट्र निगम चुनाव मे रिकॉर्ड जनादेश भेटल अछि। श्री मोदी प्रकृति आओर विकासक चर्चा करैत जनौलनि जे पछिला एक दशक मे केन्द्र सरकारक प्रयास सँ दुनू संग–संग बढि रहल अछि। ओ जनौलनि जे एक पेड़ माँ के नाम अभियान मे अखन धरि छबीस करोड़ सँ बेसी गांछ लगाओल गेल अछि। जाहि सँ देश मे वन आओर वृक्षक क्षेत्र बढ़ल अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री जीतन राम मांझी जनौलनि जे लघु उद्यमक विकास सँ देशक विकासक पथ आसान होयत। श्री मांझी आइ नव दिल्ली मे पीएम–विश्वकर्मा हाटक उद्घाटन करैत ई गप जनौलनि। ओ कारीगर, शिल्पकार आओर आनो–आन प्रदर्शक सभ सँ संवाद सेहो कयलनि। प्रदर्शनिक आयोजन शिल्पकार सभ के अपन–अपन उत्पाद के पैघ मंच देबाक लेल कयल जा रहल अछि। एकतीस जनवरी धरि चलयवला ई प्रदर्शनी मे सभ राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेशक सय सँ बेसी कारीगर सभ भाग लऽ रहल छथि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्राक बिच काल्हि गोपालगंज आओर शिवहर जिलाक दौरा करताह। श्री कुमार बरौली प्रखंड मे एक सय चौंतीस करोड़ टाकाक लोकार्पण करताह। जखनकि एक सय छियासी करोड़ टाकाक योजनाक शिलान्यास करताह। जिलाधिकारी पवन सिन्हा जनौलनि जे मुख्यमंत्री बरौली हाई स्कूल मैदान मे एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह। हमर शिवहर संवाददाता जनौलनि अछि जे मुख्यमंत्री शिवहर मे बियालीस करोड़ टाकाक लागति सँ पचहत्तरि योजनाक उद्घाटन आओर सत्रह करोड़

टाकाक लागतिवला अट्‌ठाइस योजनाक शिलान्यास करताह। संगहि कतेको योजनाक समीक्षा सेहो करताह।

————————————————————————————

हज यात्रा लेल प्रक्रिया पूरा करबाक अंतिम तिथि पचीस जनवरी धरि बढ़ा देल गेल अछि। केन्द्रीय अल्प संख्यक मामिलाक मंत्रालय ई जनतब देलक अछि। यात्री सभ के जनाओल गेल अछि जे ओ अपन वैध पासपोर्ट, `हज समूह आयोजक लग या संबंधित कार्यालय मे जमा करैत आओर नुसुक पोर्टल पर अपन पंजीकरण कराबैथ।

————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह गृहमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे पटनाक चित्रगुप्त नगर मे एक छात्राक संदिग्ध मृत्युक मामिला मे उच्च स्तरीय टीम जाँच कऽ रहल अछि। ओ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे अपराधी जे किओ हो हुनका पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

————————————————————————————

प्रदेश मे दरोगाक एक हजार सात सय निनानवे पद पर नियुक्ति के लऽकऽ पहिल चरणक प्रारंभिक लिखित परीक्षा आइ लेल गेल। राज्यभरि मे चारि सय अंठानवे केन्द्र सभ पर दू पारी मे परीक्षा लेल गेल। बिहार पुलिस अवर सेवा आयोगक अनुसार दोसर चरणक परीक्षा एकैस जनवरी कऽ लेल जायत।

————————————————————————————

आइ मौनी आमावस्या अछि। एहि मौका पर पटनाक गंगा घाट सहित प्रदेशक कतेको नदी आओर पोखरि सभ मे लोक सभ पवित्र स्नान कयलनि। बक्सरक रामरेखा घाट पर पैघ संख्या मे लोक सभ आस्थाक डूबकी लगौलनि। मान्यता अछि जे आजुक दिन गंगा स्नान कयला सँ पापक नाश होयत अछि आओर पुण्य भेटैत अछि।

————————————————————————————

शेखपुरा में खेलल जा रहल एकावनम राज्य स्तरीय महिला कबड्डी प्रतियोगिता बेगूसराय जीत लेलक अछि। आइ खेलल गेल फाइनल मोकाबिला मे बेगूसराय पटना के हरा देलक। आब विजेता टीम हैदराबाद मे होयवला राष्ट्रीय कबड्डी प्रतियोगिता मे भाग लेत।

———————————————————————————

सर्द पछिया हवाक गति कम होयब आओर रौद उगलाक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा कम भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार बेसी ठाम न्यूनतम आओर अधिकतम तापमान थोड़ेक बढ़ल अछि। एम्हर, नालंदाक राजगीर, रोहतासक विक्रमगंज, भागलपुरक सबौर, शेखपुरा, अरवल, जहानाबाद, सिवान, समस्तीपुर आओर बक्सर मे न्यूनतम तापमान आठ डिग्री सेल्सियस सँ कम रहल। राजगीर राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल जतऽ न्यूनतम तापमान पाँच डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला तीन दिनक बिच मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्वी, दक्षिण–पश्चिमी आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे कतेको ठाम घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।

———————————————————————————

अररिया जिला मे नेपाल सँ सटल सीमावर्ती क्षेत्र मे औषधि विभाग आओर उत्पाद विभागक टीम छियालीस दवाई दुकान मे छापा मारलक। एहि बिच बिना लाइसेंसक चलाओल जा रहल दू दवाई दुकानदार पर कार्रवाई कयल गेल अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक झंझारपुर मे वन विभागक टीम आर.एस. थाना क्षेत्र मे एक घर मे छापा मारि कऽ एक तेंदुआ आओर दू हिरणक खाल बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे चारि लोक के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल